

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Novél-novél Sunda ngagambarkeun hirup kumbuhna masarakat Sunda dina rupa-rupa unsur. Tangtuna waé eusi tina novél-novél Sunda aya nu fiksi, aya ogé nu dijieun alatan pangalaman hirup pangarang atawa saluyu jeung kahirupan nu karandapan hiji jalma. Ku kituna, eusi tina novél téh gumantung kana kréatifitas pangarangna. Contona waé dina Novél *Balaganjur* dicaritakeun kumaha hirup kumbuhna masarakat jaman penjajahan Walanda jeung Jepang tur sumangetna jalma-jalma mangsa harita pikeun ngahontal kamerdékaan Indonesia. Dilaksanakeunna ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaguar struktur carita anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa) kalawan pamarekan Robert Stanton, satuluyna ngaguar ngeunaan unsur-unsur antropologi sastrana nu ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos kalawan pamarekan Nyoman Kutha Ratna. Objek dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman nu eusina aya opat judul, kahiji *Pupuhu di Gunung Tilu*, kadua *Gunung tilu*, katilu *Lingsir Ngidul di Tutugan Gunung Tilu*, kaopat *Kingkilaban di Gunung Tilu*. Dina ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif.

Struktural dina panalungtikan ieu téh kapaluruh ngeunaan téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Sanggeus maluruh sakabéh pasualan anu aya dina unggal carita (opat carita), kasampak ayana téma dina unggal carita. Anapon téma dina carita (1) *Pupuhu di Gunung Tilu* miboga téma agama anu bisa ngéléhkeun mistis jeung kapercayaan. Dina carita (2) *Gunung Tilu* miboga téma kahirupan jeung lulucon sapopoé rahayat dina mangsa can merdéka, dina carita (3) *Lingsir Ngidul di tutugan Gunung Tilu* miboga téma kasusah jeung kapeurih dina mangsa jajahan Jepang, dina carita (4) *Kingkilaban di Gunung Tilu* miboga téma perjoangan jeung hianat dina merjoangkeun kamerdékaan. Galur anu dipaké dina ieu novél téh nyaéta galur maju. Tangtuna waé dina galur carita aya tahapan-tahapan anu ditulis

ku pangarang sakumaha unggal adeganna, nu ngawengku tahap *situation*, *Generatingn circumtances*, *rising action*, *climax*, jeung *denouement*. Palaku anu mindeng dicaritakeun dina ieu novél téh aya opat urang nyaéta Juragan Wira, Sairin, Nyi Enah jeung Enggah Istri. Opat palaku ieu kaasup palaku utama anu kagolong protagonis. Sedengkeun jumlah palaku sakabéhna aya 112 (15 palaku dina carita kahiji, 43 palaku dina carita kadua, 32 palaku dina carita katilu, jeung 22 palaku dina carita kaopat. Latar anu ditalungtik nyaéta latar tempat, waktu jeung sosial. Latar tempat anu kapanggih aya 111 (30 dina carita kahiji, 31 dina carita kadua, 14 dina carita katilu, jeung 39 dina carita kaopat. latar waktu anu kapanggih aya 54 (17 dina carita kahiji, 11 dina carita kadua, 13 dina carita katilu, jeung 13 dina carita kaopat). latar sosial anu kagambar dina novél aya 34 (7 dina carita kahiji, 9 dina carita kadua, 6 dina carita katilu jeung 12 dina carita kaopat. Anapon sarana sastra anu kapaluruh ngawengku judul, puseur implengan jeung gaya basa. Novél *Balaganjur* ieu miboga opat Judul. Judul anu kahiji “Pupuhu di Gunung Tilu anu nuduhkeun ka Juragan Wira salaku tokoh utamana anu miboga watek pamingpin nu wijaksana. Judul anu kadua “Gunung Tilu” anu nuduhkeun latar parsial dina ieu novél. Judul anu katilu “Lingsir Ngidul di Tutugan Gunung Tilu” nuduhkeun kana kajadian Juragan Wira nu nuju ngadu’ a sanggeus solat hajat nu ngajadikeun tentara Jepang maéhan manéh. judul anu kaopat “Kingkilaban di Gunung Tilu” nuduhkeun kana digempurna liung gunung nepi ka buburinyayyan siga kingkilaban. Puseur Implengan anu dipaké ku Syafé’i Bastaman dina nepikeun caritana nyaéta métode carita jalma katilu (*omniscient author*) dina bagéan objéktif. Gaya Basa anu kapanggih dina ieu novél aya 11 nyaéta gaya basa mijalma, rarahulan, kadalon, ngupamakeun, lalandian, rautan, silib simdir. Moyok, raguman, ocon, jwung ngasor.

Unsur antropogi sastra (Kutha Ratna) nu dipaluruh nyaéta mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor jeung mitos. Dina ieu novel kapaluruh dina opat carita nu aya dina novél *Balaganjur* kapaluruh ngeunaan mangsa heubeul kasampak mangsa-mangsa Indonésia di Jajah ku Walanda, Jepang, mangsa révolusi kamerdékaan. Dina palebah kaarifan lokal luyu jeung ciri has nu aya di wewengkon novél nu dicaritakeun. Dina palebah folklore réa produk budaya anu

kapanggih kayaning babasan, paribasa jrrd. Nu pamungkas nyaéta mitos, di dieu kasampak kapercayaan ka lelembutan jeung ka Nyi Putri Ratu Teluh.

Dumasar kana kacindekan di luhur novél *Balaganjur* karya Syaféi Bastaman téh miboga struktur carita anu kawilang lengkep ti mimiti Téma, fakta carita jeung sarana sastra sok sanajan aya sababaraha tahap galur nu teu kacumponan nu sababna pikeun ngagambarkeun kahirupan dina mangsa nu dicaritakeun dina novél. kitu ogé dina bagéan antropologi sastrana unsur-unsur antropologi sastra (mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos) karandapan ku para palaku carita nalika ngawangun jeung ngamekarkeun carita dina ieu novél.

5.2 Implikasi

Dina hiji panalungtikan tangtu moal leupas tina kahéngkérangan jeung kaonjoyan Sanajan kitu, panalungtik miharep yén kaonjoyan nu aya dina ieu panalungtikan téh bisa mawa kahadéan, boh sacara umum pikeun sakumna pamaca boh sacara husus pikeun panalungtik. Dumasar kana hasil panalungtikan, ku ayana ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan unsur antropologi sastra dina karya tulis, utamana dina novel Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan ulikan.

5.3 Rékomendasi

Sawatara saran jeung rekomendasi ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu patali jeung ieu panalungtikan. Utama pikeun panalungtik, dipiharep bisa leuwih daria dina ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan jadi hiji tatapakan nu leuwih jembar. Salian ti éta, pikeun masarakat katut pamaca, dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan ieu hal, dina maham kana karya sastra. Satuluyana, unsur antropologi sastra dina ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan piunteungeun pikeun kahirupan sapopoé di masarakat.